

Pa Tonbe nan Pyèj Mit Asirans sa yo



Ou panse ou konprann kisa ki kouvri nan règleman kouvèti asirans ou yo antanke pwopriyetè kay? Paske kèk nan bagay ou ka kwè kòm “reyalite” se pito mit sou asirans pwopriyetè kay yo ye – move konsepsyon komen ke anpil moun pataje lè konsènan kouvèti asirans pou youn nan pi gwo byen finansye nan lavi a: kay ou.

Pi ba la w ap jwenn sis mit komen ki apwopo asirans pwopriyetè ki ka ede ou pran bon desizyon konsènan kouvèti asirans ou yo antanke pwopriyetè kay.

- **MIT: Asirans mwen an kouvri dega inondasyon**
Dega dlo yo ka fèt akòz tib ki koupe oswa ekoulman, sa ki kouvri pa majorite asirans pwopriyetè yo, oswa akòz inondasyon (ke yo defini kòm dlo ki soti deyò ki monte rantr lakay ou), ki li menm ke majorite asirè yo *pa* kouvri, menm Citizens.
- Ou ka achte Asirans kont Inondasyon atravè de asirè prive oswa nan Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon an. Pou kèk tip règleman, asirans inondasyon sa se yon egzijans Lejislasyon Florida. Y ap mete egzijans asirans kont inondasyon sa yo anplas pwogresivman jiska 2027. Citizens gen

egzijans espesifik pou asirans inondasyon, donk asire Citizens yo ta dwe kontakte ajan yo pou konnen plis ou [egzijans asirans inondasyon](#).

MIT: Kouvèti mwen an baze sou valè kay mwen an.

Kouvèti ou a pa baze sou valè mache kay ou a, ki se valè ou atann ou ka vann kay ou a. Okontrè, montan kouvèti ou an (Kouvèti A) baze sou pri pou rebati kay ou a nan ka yon pèt total. Sa se yon verite pa sèlman pou Citizens, men tou pou tout asirè prive mache a. Montan sa a diferan tou ak valè estimasyon kay ou a sou byen imobilye. Pale ak ajan ou a pou asire ke ou gen montan kouvèti ki apwopriye a.

- **MIT: Dediktib mwen se dediktib mwen, ke gen siklòn ou pa.** Lè se yon tanpèt ki lakòz dega yo, Dediktib Siklòn ou a aplike. An jeneral se yon montan dola ki pi wo pase lòt dediktib kontra asirans yo paske li baze sou yon pousantaj kouvèti prensipal (Kouvèti A) ou a. Kay ki gen limit Kouvèti A pou mwens pase \$100,000 ka bezwen fikse yon montan pou Dediktib Siklòn yo a. [Li plis sou Dediktib Siklòn](#). Kontakte ajan ou a pou diskite opsyon dediktib ki ka disponib pou ou.

- **MIT: Yon pyebwa nan lakou vwazen m nan fèk tonbe sou pwopriyete m nan epi li domaje kay mwen an. Sètènman, asirans yo a dwe peye.**

Anjeneral, yon pwopriyete responsab pou repare domaj ki soti nan yon pyebwa ki an sante ki tonbe nan lakou yon vwazen. Konsilte ajan ou a pou enfòmasyon espesifik konsènan asirans ou a.

- **MIT: Do kay mwen an deteryore epi koule. Èske asirans antanke pwopriyete kay mwen an kouvri sa?**

Citizens, tankou lòt asirè pwopriyete yo, pa kouvri deteryorasyon ni mentnans jeneral. Yon do kay ki deteryore, yon pòt garaj ansyen, chemine ki pase mòd, oswa lòt karakteristik nan kay la ki senpleman degrade akòz de tan an, ak pèt ki fèt akòz kondisyon sa yo, yo pa kouvri pa règleman asirans la.

- **MIT: Zafè pèsònèl mwen yo kouvri ... pa vre?**

Sa a se yon lòt rezon ki fè li bon pou ou konnen detay kontra asirans ou an epi asire ou gen kouvèti ou bezwen an. Anpil konpayi asirans, tankou Citizens, gen asirans espesifik ki kouvri pwopriyete pèsònèl ou a yon valè ki depresye lè yo domaje oswa detwi kòm rezilta yon pèt ki gen kouvèti. Yo ka ofri tou opsyon kouvèti ki ka ogmante kouvèti sa a pou ranplase bagay pèsònèl ou yo san dediksyon ni depresyasyon. Anplis de sa, si ou lwe kay kote w'ap viv la, asirans mèt kay la sou bilding nan pa kouvri pwopriyete pèsònèl ou yo. Sepandan, gen asirans pou lokatè ki disponib ke prèske tout konpayi asirans yo ofri (menm si yo ka fè soutretans).

Si ou gen plis kesyon konsènan asirans pwopriyete oswa mit ou vle demistifye, ou ka kontakte ajan ou la dirèkteman oswa Citizens nan 866.411.2742.

Kisa Ou Bezwen pou Montre "Prè Asirans"



Èske enstitisyon finansye ou a mande w pou w bay prè asirans ou bay Citizens pou prè ipotèk ou, prè sou valè kay ou, oswa liy kredi ou?

Plizyè antite pral kontakte Citizens dirèkteman, men si ou bezwen prè - oswa yon rezime - de kouvèti ou pou nenpòt rezon, nou ka ede.

Senpleman itilize [kont myPolicy ou a](#), mande ajan ou a, rele nou, oswa [Kontakte nou](#) atravè [citizensfla.com](#).

Pou plis enfòmasyon, nou te kreye yon videyo pou esplike pwosesis sa.



Resevwa dokiman san papye nan men Citizens

Bon Abitid pou Anpeche Dife nan Kay pandan Fèt yo



Fèt yo se moman lajwa ak emèvèyman, jounen ki ranpli ak selebrasyon epi reyinyon zanmi ak fanmi. Dekorasyon toupatou nan kay la, e deyò a tou! Kwit manje pou yon foul moun, epi resevwa envite chak fwa ou kapab.

Sepandan, anvan ou kite eksitasyon ak planifikasyon an pouse w twòp, men kèk rapèl pratik pou ede w sonje sekirite.

Dekore Koulwa yo

- **Tcheke dekorasyon ou yo.** Yon pati nan maji fèt yo se mete dekorasyon. Asire w ke atik yo fèt ak materyèl ki reziste dife oswa ki pa pran dife fasil, epi plase yo lwen sous chalè.
- **Limen li.** Pa gen okenn selebrasyon ki konplè san yon ekleraj chalere. Tcheke kab limyè yo pou wè si gen fil kase oswa anpoul kraze. Pa mare plis pase twa fil ansanm. Deploge tout limyè ou yo anvan ou kite kay la oswa ale dòmi.

- **Proteje anviwònman.** Si festivite ou yo gen ladan yon pyebwa vivan, mete l lwen sous chalè (chemine, aparèy chofaj, elatriye) epi awoze li chak jou. Yon sapen Nwèl ki sèk ka boule byen cho epi byen vit.

Rekonfò ak Lajwa

- **Limen yon (fo) balèn.** Balèn yo byen anrasinen nan tradisyon e yo depi lontan yon senbòl fèt livè yo. Ranplase balèn ki gen flanm ak bouji oswa ti limyè ki sèvi ak anpoul LED. Si ou prefere balèn tradisyonèl yo, pa janm kite yo limen san sipèvizyon.
- **Konfòtab bò dife a.** Lè tanperati livè a mande yon dife, asire w ke chemine w la pare. Fè yon pwofesyonèl netwaye epi enspekte chemine ou a. Rekòmandasyon Sekirite Sèvis Ponpye 1, 2025 deklare ke dwe gen omwens 3-pye distans zòn vid ozalantou chemine a pou evite aksidan flanm dife. Itilize yon ekran dife pou kontwòle chabon ak bwa yo, epi toujou asire w chabon yo etenn konplètman anvan w al dòmi.
- **Bay aparèy chofaj ou a espas.** Sèvi ak aparèy chofaj elektrik sèlman andedan kay la epi kenbe zòn ki ozalantou aparèy chofaj la pwòp e san dezòd.

Manje epi Fè kè w kontan!

- **Kanpe bò chodyè ou.** Kwizin yo souvan yon sant aktivite pandan jou fèt yo. Pa kite èd siplemantè lòt ti kwizinye fè ou distrè oswa ale lwen kite fou a! Mete atik tankou gan pou chodyè, gan kwizin, ak sachè makèt byen lwen plak dife yo. Vire manch yo pa anndan pou evite kaswòl ak chodyè yo frape.
- **Fè manje pou yon foul.** Vizitè siplemantè souvan vle di plis chodyè. Fè atansyon ak aparèy w ap itilize, epi pa twò chaje priz yo oswa alonj yo pou satisfè demann adisyonèl. Itilize alam pou chak pla w ap kwit pou evite yon kwizin plen lafimen.

- **Mete yon kouvèti sou li.** Fè manje se kòz prensipal dife nan kay. Si yon ti grès kòmanse yon dife, kouvri chodyè a epi etenn dife a. Kite chodyè a frèt konplètman. Si fou a pran dife, etenn chalè a epi kite pòt la fèmen. Kenbe yon ekstenktè dife pòtab nan yon kote vizib.

Kay la pandan Fèt yo

- **Espas pou tout moun.** Akomode plis envite nan kay la ka abouti a kèk aranjman mèb kreyatif. Pandan ou ap asire w tout moun ka jwenn yon bon espas swenyen, fè atansyon pou ou pa bloke sòti yo.
- **Teste alam lafimen yo.** Asire w ke kay ou a gen alam lafimen ki fonksyone, espesyalman nan chak espas moun dòmi. Teste chak alam anvan vizitè yo rive epi pataje plan evakyasyon avèk chak moun.

Pandan w ap prepare pou resevwa vizitè epi pou sezon livè a, asire w ke ou tcheke lis sa de fwa pou evite nenpòt aksidan. Pase yon bèl fèt an sekirite!

Sekirite kont Dife nan Kay Vakans – Edisyon Ivè



Pa neglijje **sekirite** pandan tanperati yo kòmanse desann. Pandan w ap prepare pou resevwa vizitè epi pou sezon ivè a, **asire ou** tcheke lis sa a de fwa pou evite aksidan pandan ivè sa a.



Vire manch yo pa anndan
pou evite frape ak yo.



myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak
eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365



Citizens Property Insurance Corporation
Oktòb-Desanm 2025 Nimewo 19

Rele Citizens First nan 866.411.2742

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap
jwenn enfòmasyon byen presi soukontra asirans
nan jou lasemèn yo ant 8 a.m.
ak 5:30 p.m. ET

[Dezabòn](#)